



Bay lodyans kòm zouti pou vilgarizasyon lasyans ann Ayiti - Ricarson Dorcé

Ann Ayiti, pa gen dout sou absans yon vrè politik rechèch. Sepandan, nou pa dwe neglije kèk jefò ki rive fèt nan kèk enstitisyon piblik oswa prive, pa egzanp Kolektif Inivèsité Sitwayen (Collectif des Universitaires Citoyens « CUCI »). Men, kouman aktivite « vilgarizasyon » ka rive rekonsilye milye inivèsité ayisyen an ak rès sosyete a? Nan travay sa a, « aktivite vilgarizasyon » vle di tout aksyon ki pèmèt pataj konesans syantifik oubyen teknik ak gran piblik la.

Pou pèmèt sitwayen yo byen konprann kontni rechèch inivèsité yo, li nesesè pou analiz fèt sou pwoblèm ki gen rapò ak kominikasyon. Ann Ayiti, relasyon ant kreyòl ak franse trè konplike. Franse se lang yon ti gwoup pandan se tout popilasyon an ki pale kreyòl. Malerezman, pifò travay rechèch souvan pibliye an franse. Epi tou, fòk lang ki sèvi nan inivèsité yo rive konekte ak lang moun ki pa nan inivèsite.

Sa vle di li toujou nesesè pou n adapte kominikasyon konesans syantifik dapre reyalite kominikasyon ant inivèsité ak rès popilasyon an. Se lè sa a demach pou vilgarizasyon lasyans ava ateri.

Epi tou, demach sa a dwe bati sou dinamik lavi chak jou : tradisyon, charad, devinèt, chan popilè oswa kont, idantite oswa memwa kolektif nou, reprezantasyon mitoloji ak divès lòt pratik kiltirèl nan sosyete a. Se yon vrè travay medyasyon sitou nan nivo diskou ki dwe rive prezan nan estrateji vilgarizasyon lasyans.

Nan sans sa a, teknik Mèt Lodyans yo, ki sòti nan nannan kilti nou, ka jwe yon gwo wòl. Vrèman vre, yon lodyansè gen kapasite pou l marande diskou li dapre piblik la ak kontèks la tou. Li konnen nan ki moman pou l mete animasyon ak ki lè pou l pe bouch li pou l kite silans lan pale. Li entèveni nan yon atmosfè kote kominikasyon vèbal marinen ak « langaj » kò a (ki vle di mouvman kò) nan lide pou l pi byen enfliyanse piblik ki vize a. Se yon pratik ki byen chita nan istwa nou kòm nasyon : li egziste depi twa syèk



anviwon¹ epi li toujou jwe yon wòl fondamantal nan kilti nou. Lodyansè a toujou envite piblik la reyalize yon egzèsis asimilasyon pandan li bay plis detay sou non, sou lokalite, sou dat...

Jewograf Georges Anglade² se youn nan moun ki te premye teyorize pratik naratif sa a ki trè popilè nan anviwònman ayisyen an. Daprè Anglade, « chak lektè rive gen pwòp responsabilite pa l lè l vrèman penetre anbyans lodyans lan (...) ». Se yon teknik « idantifikasyon » pou rann istwa pi pwòch reyalite a. Lè tradisyon lodyans te fèk kòmanse, sa se te sèlman yon pratik oral. Se nan mitan ak fen 19yèm syèk epi nan konmansman 20yèm syèk la yo te kouche lodyans sou papyè pou premye fwa³. Yo konsidere Justin Lhérisson (avoka, jounalis ak lodyansè ayisyen, ki fèt nan Pòtoprens 10 fevriye 1873 e ki mouri 15 novanm 1907) kòm premye moun ki te transkri lodyans alekri. Se nan journal *Le Soir*, nan lane 1899, li te konn pibliye premye lodyans li yo, avèk sipò Fernand Hibbert. Depi lè sa a, pratik lodyans lan pa sispann marinen pawòl pale ak pawòl ekri pandan pratik la rete konekte ak esperyans nan lavi tou lè jou epi tou ak enkonsyan kolektif nou.

Pratik lodyans lan ka sèvi pou n pataje konesans lokal, pou n valorize idantite nou kòm nasyon epi pou n ranfòse solidarite nou.

Nan sans sa a, li vrèman entèresan pou n site travay Josiane Hudicourt-Barnes⁴ sou wòl lodyans nan ansèyman syans. Atik li a montre enpòtans lakilti an jeneral nan pataje konesans syantifik. Agiman li yo baze sou ankèt syantifik sou pratik lodyans nan sal klas kote y ap anseye syans. Rechèch sa a pèmèt li rive kritike koze ki te lèse konprann ti moun ayisyen yo pa ka aprann lasyans alèz. Otè a, ki se yon espesyalis nan syans edikasyon, rive mete an valè kapasite jèn aprenan ayisyen nan domèn syantifik e ki jan yo

¹ George Anglade, *Le Rire Haïtien*, Coconut Creek FL, Educa Vision Inc. 2006.

² Georges Anglade, « Fiction et subversion dans la lodyans », nan *Leurs jupons dépassent*, Montréal, Lanctôt, 2004, p. 129-131.

³ Georges Anglade, « Les lodyanseurs du soir, il y a 100 ans, le passage à l'écrit », nan *Écrire en pays assiégé*, Amsterdam, New York, Rodopi, 2004, p. 61-87.

⁴ Josiane Hudicourt-Barnes, « The Use of Argumentation in Haitian Creole Science Classrooms ». *Harvard Educational Review*: April 2003, Vol. 73, No. 1, 2003, pp. 73-93.



pwofite lè yo sèvi ak teknik lodyans ki se yon eleman fondamantal nan kilti ayisyen an. Pou otè a, pa gen dout : bay lodyans se yon zouti ki ka ede ti moun ayisyen aprann lasyans pi byen. Ki donk, gen yon lyen fondamantal ant kilti ak aktivite syantifik oubyen pedagogik. Nou dwe toujou pran an konsiderasyon enfliyans lakilti nan aktivite syantifik ak pedagogik.

Metete sou sa, nou ka sèvi ak pratik kiltirèl lodyans lan kòm yon zouti pou transfòmasyon oubyen chanjman sosyal. Li ka ede nan konstwi fondasyon pou yon sosyete ki miyò. Li montre nou nesite pou n chanje reyalyte sosyal la. Li kapab pwopoze altènatif kont pratik reyaksyonè yo. Sa se youn nan objektif lodyans Maurice Sixto yo selon analiz Rozevel Jean-Baptiste.⁵ Daprè Georges Anglade, youn nan karakteristik lodyans yo se kapasite pou yo entegre richès lang kreyòl la ansanm ak relijyon vodou a⁶, de (2) pote mitan kilti popilè ayisyen an. Rozevel Jean-Baptiste pwofonde analiz lodyans Maurice Sixto nan kad yon agimantè ki prezante Sixto kòm yon etnograf — ki vle di yon syantifik k ap fè rechèch sou mès, koutim ak tradisyon divès gwoup moun.

Anpil nan diskisyon sou vilgarizasyon lasyans konn tonbe nan pyèj kote gen baryè ant lang ki sèvi nan inivèsitè yo (ki di donk : sa n rele « langaj syantifik » la) ak « langaj » pwofàn yo (ki di donk : lang moun ki pa gen fòmasyon kòm ekspè). Koulye a, an n poze kesyon ki fondamantal la : ki jan nou ka rive fè ale tounen san fòs kote ant de (2) kalte lang sa yo san n pa tonbe nan yon lojik tout voum se do, nan yon pratik devalorizasyon oubyen nan pratik valorizasyon yon lang devan yon lòt ? Lodyans lan kapab rezoud defi sa a. Li ka fasilite anpil koneksyon ant syantifik la ak pwofàn lan ; li ka ede n garanti yon ekilib lengwistik ki ta dwe gide nenpòt diskou vilgarizasyon syantifik.

Yon vilgarizatè syantifik ki adopte wòl lodyansè a ka rive pataje konesans syantifik avèk anpil efikasite nan enterè yon gran piblik san esklizyon.

⁵ Rozevel Jean-Baptiste, *Maurice Sixto: On pwojè etnografik*. Éditions JB, 2020.

⁶ Georges Anglade, « Le dernier codicille d'Alexis. Sur le parcours de Jacques Stéphen Alexis dans la théorie littéraire. Du réalisme merveilleux des Haïtiens à la *lodyans* haïtienne. Notes pour une pratique », *Présence Africaine*, vol. 175-176-177, no. 1, 2007, pp. 546-573.